

**“Muzondondera kandi muzombona, ni  
mwandondeza umutima wanyu wose.”**

**Ni Gute  
Twomenya Imana**

## Ni Gute Twomenya Imana

Nk'uko Aburahamu yari umugenzi w'Imana bivuye kuguca bugufi no kuyubaha, nawe urashobora gushikira ukumenya Imana hama ukabona imbabazi zayo, Amahoro hamwe n'imigisha.

Kumenya Imana bivuye mukwemera kurongorwa na Yo vy'ukuri mu kwizera nico kintu ca mbere gihambaye mu buzima. Biranezereye kubona Imana yiyereka ubwayo abantu bose bayirondeza umutima wabo wose. Niwahindura inzira zawe ukemera kurongorwa nayo vy'ukuri, Mpwemu Yera azoba muri wewe. Nta kintu na kimwe coshobora no kugutandukanya n'urukundo rw'Imana ni wizera amasezerano yayo ukagendera mu kuyubaha. Izoba Imana yawe nawe uzoyibera itunga nyakuri. Niho uzomenya ko waguzwe igiciro kinini kandi yipfuzako wogendana nayo guhera ubu ugashitsa ibihe bidashira.

Saba Imana ugutahura nyakwo igihe cose uzoba uriko uriga aya majambo yarobanuwe akuwe mw'Ijambo ryayo. Imana yahishuriye abantu bayo kwandika ayo majambo kandi ikora igitangaza co kuyakwiza mu runganwe rwose na ho satani atashakako biba akoresheje imitego yiwe ngo gihagarare.

Uhoraho Imana yacu ni we Uhoraho wenyene; kandi mukundishe Uhoraho Imana yanyu imitima yanyu yose, n' ubugingo bganyu bgose, n' inkomezi zanyu zose.

—Gusubira Mu Vyagezwe 6:4b, 5

Uku ni k'Uhoraho agize, uwaremeye amajuru, ni we Mana; uwabumvye isi akayirema; yarayikomeje, ntiyayiremeye ngw ibek' ubusa gusa, ariko yayibumvye kugira ngw ibekw abantu: ati Ni jewe Uhoraho, kandi nta wundi. —Yesaya 45:18

Kugira ngw amahanga yose yo mw isi amenye k'Uhoraho ari

we Mana, ata yindi.

—1 Abami 8:60

Ni mwebge vyabona vyanje, ni k'Uhoraho agize, n'abasavyi banje natoranje, kugira ngo mummenye kandi munyizere, kandi mutahure ko nd' uwo ndi we: nta mana yigeze kubumbga hirya yanje, kandi nta yizonza mu nyuma. Jewe, jewe nyene nd' Uhoraho; kandi nta wundi Mukiza atari jewe.

—Yesaya 43:10, 11

Ni muntumbere mukizwe, mwa mpera zose z'isi: kukw ari jewe Mana, ata yindi. —Yesaya 45:22

## 2 IMANA NI INYEMBABAZI KANDI NI INYABUNTU

Uhoraho yuzuye imbabazi, n'umunyabuntu, ateba kuraka, agira ikigongwe cinshi. Nk'ukw ijuru ryitanguye isi, Ni kw ikigongwe agirira abamwubaha kingana. —Zaburi 103:8, 11

Arikw imbabazi Uhoraho agirira abamwubaha zahereye kera hose, zikazoshitsa ibihe vyose.... Bakibuka ivyagezwe vyawe bakabikora.

—Zaburi 103:17, 18b

N'iyihe Mana ihwanye nawe, iharira ibigabitanyo, ikirengagiza igicumuro c'amasigarira y'abo yiziziye? Ntuhorana uburake imisi yose, kuk' uhimba-

rwa no kugira imbabazi.

—Mika 7:18

N'ukw imbabazi z'Uhoraho ari zo zatumye tudaherengetezwa, kukw ikigongwe ciwe kidahera: cama ari gisha uko bukeye; ingen' ar' umwizigirwa biratanga. —Gucura Intimba 3:22, 23

Ni mushimire Uhoraho yukw ari mwiza: Kukw imbabazi ziwe zamah' ibihe bidashira.

—1 Ngoma 16:34

Kuko namenye k'ur' Imana y'inyabuntu, yuzuye imbabazi, iteba kuraka, igira ikigongwe cinshi, kandi yigarura ngo ntizane ikibi.

—Yona 4:2b

Uhoraho yanyiyeretse kera, ati N'ukuri naragukunze urukundo rudashira; ni co gituma nkwiyegezanya imbabazi.

—Yeremiya 31:3

Kuko nzi ivyiyumviro mbiyumvirako, ni jewe Uhoraho mbivuze, kw ar' ivyiyumviro vy'amahoro, atar' ivy' ivyago, kugira ngo mbahe ivyizigiro vyo mw iherezo ryanyu.

—Yeremiya 29:11

Narabakunze, ni k'Uhoraho agize.

—Malaki 1:2a

Nk'uko se w'abana abagirira akagongwe, Ni k'Uhoraho aka-

girira abamwubaha.

—Zaburi 103:13

Natwe twamenye kandi twizeye urukundo Imana idufitiye. Twebge tugira urukundo, kukw ari yo yabanje kudukunda.

—1 Yohana 4:16a, 19

Uhoraho Imana yawe ari hagati muri wewe n'umuhizi ashobora gukiza: azokunezererwa n'akanyamuneza, ahwekerere mu rukundo rwiwe; azokunezererwa avuza impundu.

—Zefaniya 3:17

Mana, ereg' imbabazi zawe n'iz' igiciro!

—Zaburi 36:7a

## 4 IKINTU CAMBERE GIHAMBAYE MU BUZIMA NI UKUMENYA IMANA

Arikw abantu bazi Imana yabo bazoshikama bakore ibikomeye.

—Daniyeli 11:32b

Arik' uwirata, ni yirate ibi, ko yammenye, akantahura, yuko nd' Uhoraho nkunda kugira imbabazi no guca iziroranye n'izigororotse mw isi: kukw ivyo ari vyo bimpimbara, ni jewe Uhoraho mbivuze.

—Yeremiya 9:24

Hahirwa abitondera ivyo yiha-nikirije, bakamurondeza umuti-ma wose.

—Zaburi 119:2

Mbashize imbere ubugingo n'urupfu, umugisha n'umuvu-

mo; nuko ni muhitemw' ubugingo, kugira ngo mubone kubaho, mwe n'uruvyaro rwanyu, mukunde Uhoraho Imana yanyu, mumwumvire mwifatanye na we akaramata, kukw ari we bugingo bganyu n'ukuramba kwanyu.

—Gusubira Mu Vyagezwe  
30:19b, 20a

Nk'ukw impongo ihuzagizwa yifuza imigezi, ni k'umutima wanje uhuzagizwa ukwifuza, Mana.

—Zaburi 42:1

Aramwishura, at' Ubganje nzo-kwijanira namwe, mbashikane amahoro.

—Kuvayo 33:14

Umutima uribeshya kuruta ibindi vyose, urwaye indwara itavurwa: ni nde yowumenya?

—Yeremiya 17:9

Harih' inzira umuntu yibgira kw ari nziza, arikw amaherezo yayo n'inzira ishikana mu rupfu.

—Imigani 16:25

Kuko, kw Imana itāgiriye ikigongwe abamarayika bākoze ivyaha, arikw ikabakororera i kuzimu, ikabashira mu vyobo vy'umwiza, ngo barindirwe kuzocirwakw iteka. Umwami Imana arazi gukiza abamwubaha ibibagerageza, no kurinda

abagabitanya bahanwa gushitsa ku musu w'amateka.

—2 Petero 2:4, 9

Ariko ni mutumvira Uhoraho, mugaca mu vyagezwe vyawe, ukuboko kw' Uhoraho kuzobanyanya.

—1 Samweli 12:15a

Umuntu n'ataguma muri jewe atabga nk'ukw' ishami riterwa inyuma y'uruzabibu, akuma; maze bakayatororokanya, bakayaterera mu muriro, agasha.

—Yohana 15:6

Abacumura bo bazohonera hamwe, iherezo ry'umunyakibi n' amahonero.

—Zaburi 37:38

## MUKUMENYA IMANA, DUTEGEREZWA KUYIRONDERA

Muzondondera kandi muzombona, ni mwandondeza umu-tima wanyu wose.

—Yeremiya 29:13

Ni waburondera nk'ifeza, ukabusesangura nk'urondera iza-habu zanyegejwe; ni ho uzo-tahura ukwubaha Uhoraho ukw-ari kwo, ukaronka ukumenya Imana.

—Imigani 2:4, 5

Musabe, muzohabga; muronde-re, muzoronka; muramutse, muzokwugururirwa. —Matayo 7:7

Kand' utizera ntibishoboka kw-ayihimbara; kuk' uwegera Ima-

na akwiye kwizera yukw iriho, igaha impera abayirondera.

—Abaheburayo 11:6

Nkunda abankunda, kand' abandondera ubudahumeka bazombona.

—Imigani 8:17

Uhoraho agirira neza abamwiteze, n'imitima imurondera.

—Gucura Intimba 3:25

Kugira ngo barondere Imana, ngo namba kumbure bakabakavye boyibona, nah' itari kure y'umuntu n'umwe muri twebge.

—Ivyakozwe n'Intumwa 17:27



Kuk' Uhoraho Imana yanyu ar' umunyabuntu kandi n'umunyembabazi, ntazobakūrakwinyonga ziwe ni mwamugarukako. —2 Ngoma 30:9b

Mwiyegereze Imana, na yo izobēgēra. —Yakobo 4:8a

Uhoraho aba hafi y'abamwambaza bose, y'abamwambaza mu vy'ukuri bose. —Zaburi 145:18

Enda ni muze, twitātūre, ni k'Uhoraho agize; nah' ivyaha vyanyu vyotukura tukutuku, bizokwera derere nka shelegi; naho vyotukura nk'agahama, bizohinduka nk'ubgoya bg'intama y'umwero. —Yesaya 1:18

Ni muze kuri jewe mwese abananiwe n'abaremerewe, ndabaruhura; mwikoreze ingata yanje, munyigireko; kuko nd'umugwaneza, niyoroheje mu mutima; namwe muzoronka uburuhukiro bg'imitima yanyu. —Matayo 11:28, 29

Kand' uwoza kuri jewe sinomuhinda na gatoya. —Yohana 6:37b

Yemwe abafise inyota, ni muze ku mazi, kandi n'ūdafise amahera na we n'aze; ni muze mugure, murye: ni mugure vino n'amata, mudatanze amahera cank' ibiguzi. —Yesaya 55:1

## IMANA IRERA (NI IYERA)

Nta wera nk'Uhoraho, kukw  
ata yindi mana, atari we.

—1 Samweli 2:2a

Biragahera kw Imana yokora  
ivyaha, ishobora vyose ko yoko-  
ra ivy' ukugabitanya.

—Yobu 34:10b

Uwera, Uwera, ni we Uhoraho  
Nyen' ingabo: isi yose yuzuye  
icubahiro ciwe. —Yesaya 6:3b

Kuk' ukw ari kw Imwe iri  
hejeru isumba vyose igize, iba  
ahatazoshira, izina ryayo n'Uwe-  
ra; iti Mba hejuru ahantu hēra.

—Yesaya 57:15a

Nta mwiza, atar' umwe, ni we  
Mana. —Mariko 10:18b

Ni nde atazogutinya ga Mwa-  
mi, cank' atazohimbaza izina  
ryawe? Kukw ari wewe wenyeye-  
ne wera.

—Ivyahishuriwe Yohana 15:4a

Ni batazire izina ryiwe riha-  
mbaye riteye ubgoba: ni we  
yera. —Zaburi 99:3

Uwera, Uwera, Uwera, ni we  
Mwami Imana, ashobora vyose,  
yamyeho, kand' ariho, kand'  
agira aze.

—Ivyahishuriwe Yohana 4:8b

# ABANTU B'IMANA BAKWIYE KUBAHO UBUZIMA BWEJEJWE

9

Wemera yukw Imana ar' imwe. Ugize neza; abadayimoni na bo nyene baravyemera, bagahinda agashitsi. Ariko wa muntu w'imburakimazi we, mbeg' ugomba kumenya ingen' ukwizera kutagira ibikorwa ar' ukw' ubusa?

—Yakobo 2:19, 20

Inzira y'umunyakibi n'igisese-ma k'Uhoraho, arikw akunda ūkurikira ubugororotsi.

—Imigani 15:9

Ūvuga ngo Ndamuzi, ntiyitondere ivyagezwe vyawe, n' umubeshi, ukuri ntikuri muri we. Iki ni co kimenyekanisha abana

b'Imana n'abana b'Umurwanizi: ūdakora ibigororotse wese s'uw' Imana, cank' ūdakunda mwene Data wundi. —1 Yohana 2:4; 3:10

Mukurikire kugiriranira amahoro n'abantu bose, n'ukwezwa, kuk' ūtejejwe atazorāba Umwami. —Abaheburayo 12:14

Ariko nk'ukw Iyabahamagaye ar' iyera, namwe abe ari ko muba abera mu ngeso zanyu zose. —1 Petero 1:15

Ni nde azohagarara ahēra hiwe? N'ūfise amaboko akeye n'umutima utanduye.

—Zaburi 24:3b, 4a

Mbega har' ikindi Uhoraho akugombako, atar' ugukora ibiroranye, no gukunda kugira imbabazi, no kugendana n'Imana yawe wicishije bugufi? —Mika 6:8b

Mukundishe Uhoraho, Imana yanyu, imitima yanyu yose, n'ubugingo bganyu bgose, n'inkomezi zanyu zose, n'ubgenge bganyu bgose; kandi mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda. —Luka 10:27b

Ariko jewe Uhoraho Imana yanyu abe ari jewe musaba. —Kuvayo 23:25a

K'uzi ivyagezwe, ngo Ntukice, ntugasambane, ntukibe, ntukā-

girize abandi ibinyoma, ntukagunge wubahe so na nyoko.

—Mariko 10:19

Ntimushushanywe n'ivy' iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha.

—Abaroma 12:2a

Ibiri mur' ico gitabo c'ivyagezwe ntuz' ubikūre mu kanwa kawe; arik' uze wame ubirimbūra ku murango no mw ijoro, kugira ng'ubone kwitondera ivyanditswemwo vyose; ni ho ivyawe bizogenda neza, ukagira amahirwe. —Yosuwa 1:8

Mwamane ukwizera Imana.

—Mariko 11:22b

Har' ibintu bitandatu Uhoraho yanka, mbere n'indwi bimusesema: amaso y'ubgibone n'ururimi rw'ibinyoma, n'amaboko avisha amaraso y' aberanda; n'umuti- ma ugera imigabo mibi, n'ibire- nge vyihutira kwirukira ikibi; n'icabona c'ibinyoma kivuga ivy' ubuhūmvyi, n'ūvyura imi- tongano mu bavukana.

—Imigani 6:16-19

Kuko jewe Uhoraho nkunda ibiroranye, nanka ubgambuzi n'ibigabitanyo. —Yesaya 61:8a

Arikw ibijora, n'abatizera, n'abakora ibizira, n'abicanyi, n'abashakanyi, n'abarozi, n'

abasenga ibigirwamana, n'a- banyabinyoma bose, umuga- bane wabo uzoba mu kiyaga caka umuriro n' amazuku, ni co rupfu rwa kabiri.

—Ivyahishuriwe Yohana 21:8

Nuko rero mwirinde mu miti- ma yanyu, ntihagire ūryaruka umugore wiwe wo mu bucance.

—Malaki 2:15b

Mwebge mugomba kwiyere- kana nk'abagororotse mu maso y'abantu, arikw Imana irazi imitima yanyu: kukw igishizwe hejuru mu bantu ar' igisesema mu nyonga z'Imana.

—Luka 16:15b

## 12 ABANTU BAGIYE KURE Y'IVYO IMANA IGOMBA

Ariko mwebge ndabazi yuko mutagira urukundo rw'Imana mu mitima yanyu. —Yohana 5:42

Kuk' umuntu wese azokwitondera ivyagezwe vyose, agatsitara kuri kimwe, azoba acumuye kuri vyose. —Yakobo 2:10

Maze ndavuga, nti Mbonye ibara, ndapfuye; kuko nd'umunyaminwa yanduye, kandi mba hagati y'ubgoko bufise iminwa yanduye; kukw amaso yanje abonye Umwami, Uhoraho Nyen' ingabo. —Yesaya 6:5

Nuk' ūzi gukora neza ntabikore, bimubera icaha. —Yakobo 4:17

Nk'uko handitswe, ngo Nta wugororoka, nta n' umwe. —Abaroma 3:10

Bose bākoze ivyaha, ntibashikira ubgiza bg'Imana. —Abaroma 3:23

Ūdakora ibigororotse wese s'uw' Imana, cank' ūdakunda mwene Data wundi. —1 Yohana 3:10b

Twese twazimiye nk'intama, twese twagiye isābagire. —Yesaya 53:6a

Ni nde yoshobora guhagarara imbere y'Uhoraho, iyi Mana yera? —1 Samweli 6:20b

Ndabashingira intahe yuko bafise ishaka ry'Imana, ariko si mu buryo bg'ubgenze. Ko batari bazi ukugororoka kuva ku Mana bakarondera kwishingira ukugororoka kwabo ubgabo, ntibāganjwe n'ukuva ku Mana.

—Abaroma 10:2, 3

Kuko twese twahindutse nk'ibihumane, kand' ukugororoka kwacu kwose kumeze nk'impuzu yanduye. —Yesaya 64:6a

Ni nabgira umugororotsi kwazobaho, akishimira ubugororotsi bgiwe, maz'agakora ivy'ukugabitanya; mu bikorwa vy'ubugororotsi bgiwe nta na

kimwe kizokwibukwa, arikw ibigabitanyo vyawe yakoze ni vyo azopfa azize.

—Ezekiyeli 33:13

Kand' abaganzwa n'akamere-mere k'umubiri ntibashobora guhimbara Imana. Kukw imbere yayo ata muntu azotsindanishirizwa n'ibikorwa bibgiri-jwe n'ivyagezwe.

—Abaroma 8:8; 3:20a

Biraseruka yukw ata muntu atsindanishirizwa n'ivyagezwe imbere y'Imana, kuko handitswe ng'Umugororotsi azobeshwaho n'ukwizera.

—Ab'I Galatiya 3:11

None rero ko bimeze birtyo, nk'ukw icaha cazanywe mw isi n'umuntu umwe, urupfu rukazanwa n'icaha, ni k'urupfu rushika ku bantu bose, kuko bose bākoze ivyaha.

—Abaroma 5:12

Arikw ibigabitanyo vyanyu ni vyo vyabatandukanije n'Imana yanyu, kand' ivyaha vyanyu ni vyo vyabakīngiriye mu nyonga hayo, bituma yanka no kwumva.

—Yesaya 59:2

Ubugororotsi bushikana umuntu ku bugingo, arik' ūkurikiranana ikibi aba yikwegera urupfu.

—Imigani 11:19

Uku ni k'Uhoraho Imana agize, ngo N'iki kibateye gucumura ku vyagezwe vyawe, bikababuzza kuroranirwa? Ko mwaheye Uhoraho na we arabahaye.

—2 Ngoma 24:20b

Kuk' ubugarariji ari co kimwe n'icaha c'ubupfumu, kandi kuba ntagondwa ni kimwe no gusenga ibishushanyo n'ibigirwamana.

—1 Samweli 15:23a

Ico gihe ni koko nzobahisha mu nyonga hanje, mbahōye ibibi vyose bazoba bakoze.

—Gusubira mu vyagezwe 31:18a

Umuntu akora icaha ni we azopfa.

—Ezekiyeli 18:20a



# UBURAKE BW'IMANA BUHAGAZE KU CAHA 15

Imana n'umucamanza agororoka, mbere n'Imana ishavura imisi yose. —Zaburi 7:11

Ivyo ni vyo bizanira uburake bg'Imana abantu b'intabarirwa. —Ab'I Kolosayi 3:6

Uburake bg'Imana bgarahishuwe, buvuye mw ijuru, ubgo irakira ukutayubaha kw'abantu kwose n'ukugabitanya, banyikirisha ukuri ukugabitanya kwabo. —Abaroma 1:18

Buzuye ukugabitanya kwose, no kugira nabi, no kwifuza, n'urwanko rw'ubusa: buzuye n'igono, n'ubgicanyi, no gutongana, n'ubugunge, no kwita-

mba ku muvyimba; n'abaneguranira mu vyongorerano, n'abavuga abandi nabi, n'abanka Imana, n'abatukana, n'abibona, n'abirarira, n'abigenera ibibi, n'abatumvira abavyeyi, n'ibipfu, n'abava mw isezerano, n'abadakunda n'ababo, n'imburakigongwe. Abo, naho bameye urubanza Imana ica, yukw abakora ibisa birtyo bakwiye gupfa, ntibabikora gusa, ariko batako bagashima n'ababikora. —Abaroma 1:29-32

N'amarushwa n'ivyago ku busingo bg' umuntu wese akora ibibi. —Abaroma 2:9a

Nk'ukw abantu bābīkiwe gupfa rimwe, hanyuma yaho hakaza amateka. —Abaheburayo 9:27b

Mbona abapfuye, abahambaye n'aboroshe, bahagaze imbere y' iyo ntebe; ibitabo birazingururwa. Kand' ikindi gitabo kirazingururwa, ni co gitabo c'ubugingo. Abapfuye bacirwa imanza z'ivyanditswe mur' ivyo bitabo, zikwiranye n'ivyo bakoze. Kand' umuntu wese atabonetse ko yanditswe muri ca gitabo c'ubugingo atererwa mur' ico kiyaga caka umuriro.

—Ivyahishuriwe Yohana 20:12, 15

Erega birateye ubgoba gukorerwa mu maboko y'Imana

nzima. —Abaheburayo 10:31

Kandi ndababgira yukw ijamba ryose risunitswe n'impwemu abantu bavuga bazoribazwa ku musi w'amateka.

—Matayo 12:36

Kukw Imana izoshira igikorwa cose mu rubanza, bo n'ikintu cose gihishijwe, ari kibi ari ciza.

—Umusiguzi 12:14

Uko ni ko bizoba ku muhero w'isi. Abamarayika bazoza, babanure ababi mu bagororotsi, babaterere mw itanure ry'umuriro; ni ho hazoba amarira no kuryanya insya z' amenyo.

—Matayo 13:49, 50

## NTAHO TWOKWINEGEZA INYONGA Z'IMANA 17

Inyonga z'Uhoraho zir' ahantu hose, zitegereza ababi n'abeza.

—Imigani 15:3

Uhoraho waransuzumye, urammenya, urazi iyicara ryanje n'iva hasi ryanje, umenyera kure ivyo niyumvira. Usorongora inzira zanje n'iryama ryanje, urazi iminyuro yanje yose. Kukw ata jambo riza mu rurimi rwanje wewe Uhoraho utarariyenya rwose. —Zaburi 139:1-4

Kukw inyonga zanje ziri ku nzira zabo zose: ntizinyegejwe ngo sinzibone, kand' ibigabitanyo vyabo ntibihishijwe inyonga zanje. —Yeremiya 16:17

Kukw abantu barāba ku rukoba gusa, ariko jewe Uhoraho ndāba mu mutima.

—1 Samweli 16:7b

Iyabaditseh' ugutwi, yobura kwumva? Iyabumvye ijisho, yobura kubona? —Zaburi 94:9

Kand' imbere yayo nta caremwe gihishijwe, ariko vyose vyambaye ubusa, biragaragara, imbere y'inyonga z'Iyizotubaza ivyo twakoze.

—Abaheburayo 4:13

Nta mwiza cank' igitutu c' urupfu ah' abakora ivy' ukugabitanya boshobora kwinyegeza.

—Yobu 34:22

Mbega mugira ngo mpimbarwa n'uk' umunyavyaha apfa? ni k' Umwami Uhoraho abaza; ikimpimbara s'uko yohindukira akava mu ngeso ziwe akabaho?

—Ezekiyeli 18:23

Ndababgire, Si ko biri; ariko ni mutihana, namwe muzohona murtyo mwese. —Luka 13:3

Ūpfukapfuka ibigabitanyo vyawe ntazonka umugisha, arik' ūvyihana akabireka azogirirwa ikigongwe. —Imigani 28:13

Enda naho bigeze iyo, ni k' Uhoraho agize, ni mungarukeko n'imitima yanyu yose, mwisonzesha, murira, muboroga.

—Yoweli 2:12

Mujane amajambo yo kwisaba mugaruke k'Uhoraho; mumwinginge, muti N'uduharire ibigabitanyo vyose, uduhangaze.

—Hoseya 14:2a

Aririmbira imbere y'abantu, ati Naracumuye, ngoreka ibioranye, ariko nta co vyammariye. Imana yacunguye umutima wanjye ngo ntujye muri rwa rwobo, kand' ubugingo bganje buzokwitegereza umuco.

—Yobu 33:27, 28

Ni mugaruke, muhindukire muve mu bicumuro vyanyu vyose, ibigabitanyo vyoye kubazanira kugesezwa.

—Ezekiyeli 18:30b

Ni murondere Uhoraho bigishoboka kw'abonwa, ni mu-mwambaze akiri hafi: umunya-vyaha n'areke inzira yiwe, ūgabitanya areke ivyiyumviro vyawe: agaruke k'Uhoraho, na we aramugirira ikigongwe, agaruke ku Mana yacu, kukw'iku-nda guharira. —Yesaya 55:7

Uhoraho aba hafi y'abafise imitima imenetse, kand' akiza abafise imitima ijanjaguritse. —Zaburi 34:18

Nakwemereye icaha canje, sinatwikiriye ukugabitanya kwanje; naravuze, nti Ndaturira Uhoraho ibicumuro vyanje:

nawe umparira ukugabitanya kw'icaha canje. —Zaburi 32:5

Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand' igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose. —1 Yohana 1:9

Nuko mwihane, muhindukire, ivyaha vyanyu bihanagurwe.

—Ivyakozwe n'Intumwa 3:19a

Hinge numve ivyo Imana, Uhoraho, igira ivuge: kukw'izobgira abantu bayo n'abakunzi bayo ivy' amahoro; ariko ntibaze basubire mu bupfu. —Zaburi 85:8

Kwihana bisigura kuva mu vyaha ukavyaturira Uhoraho Imana.

## IKIMAZI GIKENEWE KUGIRA DUSUBIZE HAMWE N'IMANA

(Raba no ku rupapuro rwa 14.)

Kukw amaraso ar' impongano,  
kubg' ubugingo buri muri yo.

—Abalewi 17:11b

Nk'ukw ivyagezwe biri, ibintu  
ni nka vyose vyozwa n'amaraso,  
kandi hatavuye amaraso ntiha-  
ba guharirwa ivyaha.

—Abaheburayo 9:22

Umwagazi wanyu uz' ube ūta-  
gira agasembga, w'isuguru ita-  
rengeje umwaka. Ayo maraso  
azobabera ikimenyetso ku mazu  
murimwo: nanje aho nzobona  
ayo maraso, nzobarengana, nta  
cago kizobazako ngo kibara-  
ndure. —Kuvayo 12:5a, 13a

Mbeg' umuriro n'inkwi kw ari  
ngibi, non' umwagazi w'intama  
uri hehe, wo gutanga kw iki-  
mazi co kwoswa? Aburhamu  
aramwishura, at' Erega mwana-  
nje, Imana ni yo iribgironkere  
umwagazi w'ikimazi co kwoswa.  
Maze Aburhamu yunamuye  
amaso, areraguza, inyuma yiwe  
ahabona impfizi y'intama ifa-  
shwe mu mahembe mu gisaka  
c'inzitane. Aburhamu arage-  
nda, afata ino ntama, ayitanga  
kw ikimazi co kwoswa mu  
gishingo c'umwana wiwe.

—Itanguriro 22:7b-8a, 13

# YESU NI UMWAGAZI W'INTAMA YAVUYE KU MANA

21

Bukeye bg'aho abona Yesu aza kuri we, aravuga, ati Ng'uyu Umwagazi w'intama w'Imana ukūrah' icaha c'abari mw isi.

—Yohana 1:29

Muzi yukw ivyo mwacungujwe ngo muve mu ngeso zanyu z'imburakimazi... ariko mwacungujwe amaraso y'igiciro kinini, nk'ay' umwagazi w'intama utagira agasembga cank' ibara, ni yo ya Kristo. —1 Petero 1:18a, 19

Kand' amaraso y'impene cank' ay' amashūri, si yo yamushikanye ahēra cane, ariko yahashikanywe n' ayiwe maraso rimwe gusa, yironkeye ugucungura

kw'ibihe bidashira. Yamar' ubu yabonetse rimwe kw iherezo ry'ibihe, kugira ngw akūzeh' icaha ukwitanga. Na Kristo n'uko, yamazze gutangwa rimwe ngo yishirekw ivyaha vya benshi.

—Abaheburayo 9:12, 26b, 28a

Mbeg' amaraso ya Kristo, uwo yitanze ku Mana atagira agasembga, abitewe na Mpwemu ahoraho, ntazorushiriza guhumana imitima yanyu ngw ibikorwa vy'impfagusa biyive-mwo, kugira ngo mubone ingene mukorera Imana nzima?

—Abaheburayo 9:14

Batsindanishirizwa n'ubuntu bgayo, ibibahereye ubusa, kubgo gucungurwa kubonerwa muri Kristo Yesu: uwo Imana yashizeho kuba impongano y'uwizera, ayigirwa n'amaraso yiwe. —Abaroma 3:24, 25a

Arikw Imana yatweretse urukundo rwayo idukunda, kuko Kristo yadupfiriye tukir' abanyavyaha. Nuko none tumaze gutsindanishirizwa n'amaraso yiwe, tuzorushiriza guheshwa na we gukizwa uburake bg' Imana. —Abaroma 5:8, 9

Ubuntu ni bgo bgabakijije kubg' ukwizera: na vyo nyene

ntivyavuye kuri mwebge, n'ingabire y'Imana. —Abanyefeso 2:8

Abāvugishwa n'Imana bose bāmushingiye intahe, bavuga yuk' ūmwizera wese azoharirwa ivyaha kubg' izina ryiwe.

—Ivyakozwe n'Intumwa 10:43

Kandi nta wundi agakiza kabonerwamwo, kukw ata rindi zina musu y'ijuru ryāhawe abantu dukwiye gukirizwamwo.

—Ivyakozwe n'Intumwa 4:12

Muri we ni ho duhērwa gucungurwa n'amaraso yiwe, ni kwo guharirwa ibicumuro vyacu, nk' ukw itunga ry'ubuntu bgayo riri. —Abanyefeso 1:7



Umumarayika Gaburiyeli atumwa n'Imana mu gisagara c'i Galilaya citwa Nazareti, ku nkumi ikowe n'umugabo yitwa Yosefu, wo mu nzu ya Dawidi, izina ry'iyi nkumi ni Mariya... Umumarayika aramubgira, ati Nta co utinya, Mariya, kuk'ugiriwe ubuntu n'Imana. Umve, uzosama inda, uvyare umuhungu, kand' uz' umwite YESU. Azoba mukuru, azokwitwa Umwana w'Īsumba vyose,... ubgami bgiwe ntibuzogira iherezo. Mariya abaza umumarayika, at' Ivyo bizobaho bite, ko ntaramenya icitwa umugabo? Umumarayika aramwishura, ati

Mpwemu Yera azokuzako, ubushobozi bg'Īsumba vyose buzogutera igitutu: ni co gituma uwera azovuka azokwitwa Umwana w'Imana... Kukw ata jambo rivuye ku Mana ribura ububasha. Mariya aramubgira, at' Ehe nd' umugurano w'Umwami Imana, bimbere ukw ijambo ryawe rivuzwe. Maz' umumarayika ava ah' ari, aragenda. —Luka 1:26b-38

Mu bantu baje aha kw'isi batavuye mu kurongorana kw'umugabo n'umugore ni Adamu na Kristo. Adamu yazanye icaha kw'isi ariko Yesu yazanye ukunesha icaha.

Mugire wa mutima muri mwebge wari muri Kristo Yesu..., ntiyiyumviriye yuko kuringanira n'Imana ar' ikintu co kwumirako. —Ab'I Filipi 2:5-6b

Jewe na Data tur' umwe. Mwebge mubgira mute uwo Data yejeje, akamutuma mw isi, ng' Urarogose, kuko navuze nti Nd' Umwana w' Imana?

—Yohana 10:30, 36

Yesu Kristo, jambo yahozeho, yabayeho ibihe vyose. *Kubw'igitanga*za, Imana yatumye Yesu Kristo asamwa inda ku nkumi Mariya. Kubigaragara Kristo azwi nk'Umwana w'umuntu ariko mu buryo bg'Impwemu n'umwana w'Imana. Ivyanditswe

bikoresha ijambo "Umwana" bisigura imige-nderanire yari hagati y'Imana na Jambo—Yesu Kristo.

Ni co catumye, hamwe yaza mw isi, avuga, at' Ibimazi n'amashikanwa ntiwabigomvye, ariko wanteguriye umubiri.

—Abaheburayo 10:5

Yerekanywe kw ar' Umwana w'Imana mu buryo bga Mpwemu Yera, ukuzuka kwiwe kwavyerekanyishije ubushobozi, ni we Yesu Kristo Umwami wacu.

—Abaroma 1:4

Toma aramwishura, ati Mwami wanje, kandi Mana yanje.

—Yohana 20:28

Nta wuhakana yukw ibanga ryo kwubaha Imana ridahambaye cane, n'iri: umwe yerekanywe afise umubiri.

—1 Timoteyo 3:16a

Kuko muri we ari ho haba ukunengesera kwose kw'Ubumana mu buryo bg'umubiri.

—Ab'I Kolosayi 2:9

Kuk' umwana atuvukiye, duhawe umwana w'umuhungu; ubutware buzoba ku bitugu vyiwe: azokwitwa Igitangaza, Umujanama, Imana y'ubushobozi, Data wa twese ahoraho, Umukama w'amahoro.

—Yesaya 9:6

Yesu arababgira, ...Aburahamu ataravuka, jewe namye ndiho.

—Yohana 8:58

Yari mw isi, kand' isi yaremwe na we, arikw isi ntiyamumenya.

—Yohana 1:10

Kuko har' Imana imwe, kandi har' Umuhūza umwe w'Imana n'abantu, na we nyene n'umuntu, ni Kristo Yesu, yitanze kw incungu ya bose.

—1 Timoteyo 2:5, 6a

Mur' uwo ni ho dufise ugucungurwa, ni kwo guharirwa ivyaha vyacu. Ni we shusho y'Imana itaboneka.

—Ab'I Kolosayi 1:14, 15a

Kukw ata jambo ry'abāvugishwa n'Imana ryazanywe no kugomba kw'umuntu, arikw abantu bāvuga ivyava ku Mana, barōngōwe na Mpwemu Yera.

—2 Petero 1:21

Nk'uko yavugiye mu kanwa k'abera yavugisha, bāhereye mbere na mbere, kumenyesha abantu biwe agakiza, kw ar'uguharirwa ivyaha vyabo.

—Luka 1:70, 77

Ati Mpwemu w'Uhoraho yavugiye muri jewe, ijambo ryiwe ryari ku rurimi rwanje.

—2 Samweli 23:2

Ivyanditswe vyose vyahumetswe n'Imana, kandi bigira iki-

mazi co kwigisha umuntu, no kumuhana, no kumutunganya, no kumutoza indero nziza mu kugororoka. —2 Timoteyo 3:16

Kukw ivyanditswe kera vyose vyandikiwe kutwigisha, kugira ngo kwihangana no guhumurizwa guheshwa n'ivyanditswe biduhe kwizigira ibizoba.

—Abaroma 15:4

Mwarazimiye, ko mutāmenye ivyanditswe n'ubushobozi bg'Imana.

—Matayo 22:29b

Kuko washize hejuru ijambo ryawe n'izina ryawe kubirutisha ibindi vyose.

—Zaburi 138:2b

Yambaye impuzu zājobetswe mu maraso, kandi yitwa Jambo w'Imana.

—Ivyahishuriwe Yohana 19:13

Ubga mbere na mbere Jambo yariho, kandi Jambo yahora-nye n'Imana, kand' uwo Jambo yar' Imana. Kand' uwo Jambo yihaye umubiri, abana natwe.

—Yohana 1:1, 14a

*Yesu amenyekanisha Imana*

Nta muntu yigeze kubona Imana na rimwe; Umwana w'ikinege aba mu gikiriza ca Se ni we yayimenyekanishije. —Yohana 1:18

Imana, imwe yavuze ng' Umuco wāke, uvuye mu mwiza, ni yo yākiye mu mitima yacu, kwe-

rekana umuco, ni wo kumenya ubgiza bg'Imana buri mu nyinga ha Yesu Kristo.

—2 Ab'I Korinto 4:6

*Imana yavuze icishije muri Yesu*

Kera Imana yabaririye ba sogokuruza mu kanwa k'abavugishwa na yo mu bihe vyinshi no mu buryo bginshi, mur' iyi misi y'iherezo yabaririye twe-bge mu kanwa k'Umwana wayo, uwo yashiriyeho kuba samuragwa wa vyose, ni we yahaye kurema isi. —Abaheburayo 1:1, 2

Ūtankunda ntiyitondera amajambo yanje, kand' ijambo mwumva s'iryanje, ariko n'irya Data yantumye. —Yohana 14:24

# JAMBO YANDITSWE KANDI YAMYEHO YARASERUTSE

*Bibiliya ni imfungurwa  
z'Impwemu*

Umuntu ntatungwa n'umutsi-  
ma gusa, arikw atungwa n'ija-  
mbo ryose riva mu kanwa  
k'Imana. —Matayo 4:4b

*Bibiliya ni Umuco umurikira  
mu nzira zacu*

Ijambo ryawe n'itara rimuriki-  
ra ibirenge vyanje, n'umuco  
umurikira mu nzira yanje.

—Zaburi 119:105

Guhishurirwa amajambo yawe  
kuzana umuco, guha abatungu  
ubgenge. —Zaburi 119:130

*Yesu ni umutsima wavuye  
mw'ijuru*

Ni jewe mutsima w'ubugingo  
wamanutse uvuye mw ijuru; ni  
hagira ūrya kur' uwo mutsima  
azohorah' ibihe bidashira: kand'  
umutsima nzobaha n'umubiri  
wanje, utangirwa abari mw isi  
ngo bagire ubugingo. Ni jewe  
mutsima w'ubugingo.

—Yohana 6:51, 48

*Yesu ni umuco w'isi*

Yesu yongera kubabgira, ati  
Jewe nd' umuco w'isi, ūnkuriki-  
ra nta ho azogenda mu mwiza,  
arikw azogira umuco w'ubugi-  
ngo. —Yohana 8:12

*Bibiliya itanga ubuzima  
bwama ivyamwa*

Arikw ibimuhimbara biri mu vyagezwe vy'Uhoraho, kand' ivyagezwe vyawe ni vyo ashirak' umutima ku murango no mw ijoro. Azoba nk'igiti gitewe hafi y' imigezi y'amazi, cama igihe caco, ibibabi vyaco ntivyuma: ic' azokora cose kizomubera ko.  
—Zaburi 1:2, 3

*Yesu atanga ubuzima* **29**  
*bwama ivyamwa*

Ni mugume muri jewe, nanje ngume muri mwebge.... Ni jewe muzabibu, namwe mur' amashami: ūguma muri jewe, nanje nkaguma muri we, uwo ni we yama cane, kukw ata co mubasha gukora mutamfise.  
—Yohana 15:4a, 5

## **IVYANDITSE BIVUGA YESU KRISTO**

Mwebge murasesa mu vyanditswe, kuko mugira ngo muri vyo ni ho mufise ubugingo budashira, kand' ari vyo binshingira intahe.  
—Yohana 5:39

Atangurira kuri Mose no ku bāvugishwa n'Imana bose, abasobanurira mu vyanditswe vyose ivyanditswe kuri we.  
—Luka 24:27

## 30 IJAMBO RY'IMANA RYAMYEHO NTIRIHINDUKA

Ijambo ryawe ryama rihamyemw ijuru gushitsa ibihe bidashira, Uhoraho. —Zaburi 119:89

Ijambo ryawe ryose ripoperanirijwe mu kuri; imanza zawe zigororotse iyo ziva zikagera zamah' ibihe bidashira.

—Zaburi 119:160

Ivyatsi birūma, amashurwe agakabirana, arikw ijambo ry'Imana yacu rizohorah' ibihe bidashira. —Yesaya 40:8

Gushitsa ah' ijuru n'isi bizoviraho, nta kanyuguti na kamwe canke n'akazatsa bizova ku vya-gezwe, gushitsa aho vyose bizohereherazwa. —Matayo 5:18b

Ivyanditswe ntibishobora guhinduka. —Yohana 10:35b

*Umuntu ntashobora guhindura ijambo ry'Imana*

Ntukūngurire ku majambo yayo, kugira ngo ntiz' iguhane, ugahinyuka k'ur' umubeshi.

—Imigani 30:6

Kandi ni hagira umuntu akūra ku majambo y'gitabo c'ibi vya-vugishijwe na yo, Imana izomukūra ku mugabane wa ca giti c'ubugingo.

—Ivyahishuriwe Yohana 22:19a

Umuntu wese akēngēra ijambo yikwegera guhona.

—Imigani 13:13a



# URUPFU RWA YESU KRISTO RWASHIKIJE 31

## UMUGAMBI W'IMANA

Igituma Data ankunda, n'uko ndekura ubugingo bganje, ngo mpeze nsubire kubgābira. Nta n'umwe abunyaka, kuko mburekura kubganje: mfise ububasha bgo kuburekura, mfise n'ububasha bgo gusubira kubgābira. —Yohana 10:17, 18a

Ugira ngo sinoshobora kwinginga Data, na we akandungikira ubu nyene abamarayika basāga legiyono cumi na zibiri? Non' ivyanditswe vyoshika bite kwari ko bikwiye kuba?  
—Matayo 26:53, 54

Arikw ivyo Imana yavugiye mu kanwa k'abāvugishwa na yo bose bitaribgabe, yuko Kristo wayo azobabazwa, ivyo yabishikije irtyo.

—Ivyakozwe n'Intumwa 3:18

Yamar' Uhoraho yashimye kumujanjagura, yaramubabaje; ah' azotanga ubugingo bgiwe kw ikimazi co gukūrah' ivyaha, azobona uruvyaro rwiwe.

—Yesaya 53:10a

Mbega Kristo ntiyar' akwiye kubabazwa artyo ngw abone kuja mu bgiza bgiwe?

—Luka 24:26

## 32 URUPFU RWA YESU RWAMENYESHEJWE N'IVYABONA

Kandi babambana na we abambuzi babiri, umwe i buryo bgiwe, uwundi i bumoso. Nukwivyanditswe birashika, ngo Yaharūranywe n' abanyavyaha.

—Mariko 15:27, 28

Ariko bashitse kuri Yesu, babonye amaze gupfa, ntibāba bakimuvuna amaguru, arik'umwe mu basoda amucumita icumu mu rubavu; ako kanya hava amaraso n'amazi,...kukwivyo vyabayeho kugira ngwicanditswe gishike, ngo Nta n'igufa ryiwe rizovunwa. Kandi

har' ikindi canditswe, kivugango Bazobona uwo bācumise.

—Yohana 19:33-37

Yesu yongera gusemerera n'ijwi rirenga, umutima uraca. Igihuzu gikingiriye ahēra cane h'urusengero gitantamukamwo kubiri, uhereye hejuru ugashitsa hasi; isi iratigita; ibitandara birasaduka. Umugabisha w'abasoda ijana n' abāri kumwe na we barinda Yesu, babonye isi itigita n'ibibaye, baratinya cane, bati N'ivy' ukuri, uyo yar'Umwana w'Imana.

—Matayo 27:50-51, 54

Arikw Imana yaramuzuye, ibo-  
hōye ibise vy'urupfu, kuko  
bitāshobotse ko rumugumya.  
Uwo Yesu Imana yaramuzuye,  
natwe twese tur' ivyabona vyo  
gushingira intahe ivyo.

—Ivyakozwe n'Intumwa 2:24, 32

Nk' uk' ubushobozi bg'Imana  
bugushoboza, ariko none bgase-  
ruwe n'ukuboneka kw'Umukiza  
wacu Kristo Yesu, yahinduye  
urupfu ubusa, ubugingo no  
kutagipfa akabiserurisha ubu-  
tumwa bgiza.

—2 Timoteyo 1:8b, 10

Kandi ndi muzima; nari nara-  
pfuye, kandi rāba mpora ndi

muzima ibihe bitazoshira, mfise  
impfunguzo z'urupfu n'iz' i ku-  
zimu.

—Ivyahishuriwe Yohana 1:18

Nuko rero, kukw abana bahūje  
inyama n'amaraso, na we ubgi-  
we yahūje ivyo na bo, kugira  
ngw abone ukw apfa, kand'  
urupfu rwiwe aruhindurisha  
ubusa ūfise ubushobozi bg'u-  
rupfu, ni we wa Murwanizi,  
kandi ngw arokore abājakariye  
ubgoba bg'urupfu bose, imisi  
yose y' ukubaho kwabo.

—Abaheburayo 2:14, 15

Urupfu rutakimuganza.

—Abaroma 6:9b

## N'IGIKI DUTEGEREZWA GUKORA HAMWE NA YESU?

Ehe mpagaze ku rugi, ndaramukije. Umuntu ni yumva ijwi ryanje, akugurura urugi, ndinjira i we, dusangire.

—Ivyahishuriwe Yohana 3:20

Ni mwākīre Mpwemu Yera. Musabe muzohabga, ng' umunzero wanyu wuzuzwe.

—Yohana 20:22b; 16:24b

Kuko ni wāturisha akanwa yuko Yesu ar' Umwami, ukizera mu mutima yukw Imana yamuzuye imukūye mu bapfuye, uzokizwa. —Abaroma 10:9

Ūkunze se canke nyina akabandutisha, ntaba ankwiye. Buno

Yesu abgira abigishwa biwe, at' Umuntu ni yagomba kunkurikira, ni yiyanke, yikorere umusaraba wiwe, ankurikire. Kuk' ūgomba gukiza ubugingo bgiwe azobubura, arik' ūzoheba ubugingo bgiwe kubganje azoburo-nka. —Matayo 10:37a; 16:24, 25

Ko mur' aba Kristo, mur' uruvyaro rwa Aburahamu, mur' abaragwa nk' uko vyasezera-nywe. —Ab'I Galatiya 3:29

Baramwishura, bat' Izere Umwami Yesu, urakira, mwe n'abo mu nzu yawe.

—Ivyakozwe n'Intumwa 16:31

**BUDASHIRA**

N'ukw Imana yaduhaye ubugingo budashira, kand' ubgo bugingo ko buri mu Mwana wayo. Ūfise Umwana wayo ni we afise ubgo bugingo.

—1 Yohana 5:11b, 12a

Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo ariho muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w'Imana yankunze, akanyigura.

—Ab'I Galatiya 2:20

Kukw ikingera ca Mpwemu w'ubugingo bgo muri Kristo Yesu cancunguye ngo singa-

nzwe n'icangera c'icaha n'ic'urupfu.

—Abaroma 8:2

Nuko rer' umuntu wese iy' ari muri Kristo, aba ar' icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha.

—2 Ab'I Korinto 5:17

Kuko mwavyawe ubga kabiri, mutavyawe n'imbutu ibora, ariko mwavyawe n'imbutu itabora, mubiheshejwe n'ijambo ry'Imana ririho rigahoraho. Mumere nk' inzoya zivutse vuba, mwifuze amata y'umutima adafunguye, kugira ngw abakuze abashitse ku gakiza.

—1 Petero 1:23; 2:2

Imana ir' ahayo hēra ni se w'impfuyi, n'umucamanza ahagarikira abapfakazi.

—Zaburi 68:5

Ariko noneho, Uhoraho, uri Data wa twese; tur' ibumba, nawe ur' umubumvyi wacu; twese tur' igikorwa c' intoke zawe. Uhoraho, ni wewe Data; Umucunguzi wacu ni ryo zina ryawe uherye kera hose.

—Yesaya 64:8; 63:16b

Kand' ahantu bābgiriwe, ngo Ntimur' abantu banje, ni ho nyene bazobgirirwa, ngo Mur' abana b'Imana nzima.

—Hoseya 1:10b

None mwebge, ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw ijuru ntazorushiriza rwose guha ivyiza abamusavye? Nuko musenge murtya, muti Data wa twese wo mw ijuru, izina ryawe ryubahwe. —Matayo 7:11; 6:9

Nanje nzobākira, kandi nzobabera So, namwe muzombera abahungu n'abakobga, ni k'Uhoraho ashobora vyose agize.

—2 Ab'I Korinto 6:17b, 18

Abarōngōrwa na Mpwemu w'Imana bose ni bo bana b'Imana. —Abaroma 8:14

# BICIYE MURI YESU TUMENYA IMANA NKA 37

## DATA WACU

Yesu aramubgira, ati Ni jewe nzira n'ukuri n'ubugingo: nta wushika kuri Data ntamujanye. Iyo muba mwaramenye, na Data muba mumuzi. Uhereye ubu muramuzi, kandi mwamubonye. Ni hagira ūnkunda, azokwitondera ijambo ryanje, kandi Data azomukunda, maze tuzoza kuri we, tubane na we.

—Yohana 14:6, 7, 23b

Imana ituma Umwana wayo, yavyawe n'umugore, kandi yavutse aganzwa n'ivyagezwe, biduheshe gucika abana bayo. Mwese mur' abana b'Imana

kubgo kwizera Kristo Yesu.

—Ab'I Galatiya 4:4b, 5b; 3:26

Arikw abāmwākiriye bose yabahaye ububasha bgo gucika abana b'Imana, ni bo bizeye izina ryiwe. —Yohana 1:12

Kandi ni hagira umuntu akora icaha, dufise Umwitsa kuri Data wa twese, ni Yesu Kristo umugororotsi. —1 Yohana 2:1b

Kuko, uko tur' amacakubiri, ari we adushikiriza Data wa twese, turi muri Mpwemu umwe. —Abanyefeso 2:18

## 38 YESU ATANGA URUKUNDO, UMUNEZERO N'AMAHORO

Imana n'urukundo; kand' ūguma mu rukundo aguma mu Mana, Imana ikaguma muri we.  
—1 Yohana 4:16b

Mugiriranire neza, mugiriranire imbabazi, muharirane, nk'ukw Imana na yo yabahririye muri Kristo.  
—Abanyefeso 4:32

Ni mwagiriranira urukundo, ni ho bose bazomenya ko mur' abigishwa banje.  
—Yohana 13:35

Arikw ivyo Mpwemu yama n'urukundo, umunezero, amahoro.  
—Ab'I Galatiya 5:22a

None rero, ko twatsindanishirijwe no kwizera, dufise amahoro ku Mana kubg' Umwami wacu Yesu Kristo.

—Abaroma 5:1

Amahoro ndayabasigaranye, amahoro yanje ndayabagabiye. Jehu simbagabira nk'ukw ab' isi bagaba. Imitima yanyu ntiha-garare, kandi ntitinye.

—Yohana 14:27

Maz' amahoro y'Imana aruta uko yomenywa n' umuntu wese, azoshibamira imitima yanyu n'ivyiyumviro vyanyu muri Kristo Yesu.  
—Ab'I Filipi 4:7



Ariko bisanzwe Mpwemu w' Iyazuye Yesu imukūye mu bapfuye aba muri mwebge, Iyazuye Kristo Yesu imukūye mu bapfuye izozura n'imibiri yanyu ipfa, kubga Mpwemu wayo aba muri mwebge. —Abaroma 8:11

Ariko bisanzwe twapfanye na Kristo, twizera yuko tuzobanaho na we. —Abaroma 6:8

Kukw iki ari co Data agomba: agomba yuk' ūbona Umwana wese akamwizera, agira ubungingo budashira, nanje nka-zomuzura ku musu w'iherezo. —Yohana 6:40

Kuko nk'uk' urupfu rwazanywe n'umuntu, n'ukuzuka kw'abapfuye kwazanywe n'umuntu. Nk'uko Adamu yandukiye bose gupfa, ni ko muri Kristo bose bazohindurwa bazima. Arik' umuntu wese mu mwanya wiwe: Kristo ni we mushuzo, maz' aba Kristo bazobonerwa bazuke, ah' azozira.

—1 Ab'I Korinto 15:21-23

Kuko ndiho, namwe muzobaho. —Yohana 14:19b

Kand' Imana yazuye Umwami, natwe nyene izotuzurisha ubushobozi bgayo.

—1 Ab'I Korinto 6:14

## 40 NTIWIRENGAGIZE AGAKIZA KAYO GAHAMBAYE

Ūkēngereye ivyagezwe vya Mose, ivyabona bibiri canke bitatu biramwicisha, ata kagongwe. Mugira ng'umuntu ntazoba akwiye guhanwa ibirushirije cane, asiribanze Umwana w'Imana, akiyumvira amaraso y' isezerano yamwejeje kw ar' igihumanane, agacokora Mpwemu w'ubuntu. —Abaheburayo 10:28, 29

Arik' ūngaya, ntiyemere amajambo yanje, ari n'ikizomutsindisha ku musi w'umuhero.  
—Yohana 12:48a

Ico ni co gitumye mbabgira ko muzopfira mu vyaha vyanyu; kuko ni mutizera ko ndi We, muzopfira mu vyaha vyanyu. —Yohana 8:24

Kandi ndabgira mwebge abakunzi banje: Ntimugatinye abica umubiri, hanyuma batagira ikindi bazobagira. Ariko ndabereka iyo mukwiye gutinya: mutinye Iyiheza kwica umuntu, ikagira ububasha bgo kumukororera muri Gehinomu. Ni koko, ndababgire, abe ari yo mutinya.  
—Luka 12:4, 5

Tweho tuzokwikiza dute, ni twanjanjwa ku gakiza kangana gartyo? —Abaheburayo 2:3a

Arik' ūtumvira Umwana ntazobona ubugingo, arik' uburake bg'Imana buguma kuri we.  
—Yohana 3:36b

Kuko yashinze umusi wo gucirakw isi yose amateka y'ukuri, izoyacisha umuntu yatoranije, kandi yahaye bose ikimenyamenya c'ivyo, mu kumuzura imukūye mu bapfuye.

—Ivyakozwe n'Intumwa 17:31

Kuko Se ata n'umwe acira urubanza, arikw imanza zose yazishikirije Umwana, ngo bose bubaha Umwana nk'uko bubaha Se; ūtubaha Umwana ntaba yubaha Se yamutumye.

—Yohana 5:22, 23

Kuko twese tutazobura kugaragarizwa imbere y'intebe y'amateka ya Kristo, kugira

ng'umuntu wese ahabge ibihwanye n'ico yakoze akiri mu mubiri, ari ciza ari kibi.

—2 Ab'I Korinto 5:10

Ni ko bizoba ku musu Imana izocira amabanga y'abantu amateka muri Yesu Kristo.

—Abaroma 2:16a

Ah' Umwami Yesu azohishuri-rwa, ava mw ijuru, azananye n'abamarayika b'ubushobozi bgiwe, hagati mu muriro waka, yishure guhōrwa abatāmenye Imana n'abatumvira ubutumwa bgiza bg'Umwami wacu Yesu.

—2 Ab'I Tesalonike 1:7b, 8

## 42 ABANTU BOSE BAMVUMEREZA NGO MWAMI S'ABA KRISTO

Bavuga yuko bazi Imana, ariko bayihakanisha ivyo bakora.  
—Tito 1:16a

Arikw iy' umuntu adafise Mpwemu wa Kristo ntaba ar' uwiwe.  
—Abaroma 8:9b

At' Aba bantu banyubahisha iminwa yabo, arikw imitima yabo iri kure yanje.  
—Matayo 15:8

Umuntu wese amvumereza, ati Mwami, Mwami; si we azokwinyira mu bgami bgo mw ijuru, atar' ukora ivyo Data wo mw

ijuru agomba. Benshi bazombgira kuri wa musu, ngo Mwami, Mwami, ntitwavugishwa n'Imana mw izina ryawe, ntitwasenda abadayimoni mw izina ryawe, ntitwakora ibitangaza vyinshi mw izina ryawe? Ni ho nzobajinjiburira, nti Nta ho nigeze mbamenya; mviraho, mwa bakora ibizira mwe.

—Matayo 7:21-23

Namwe ni ko muri: inyuma mubonekera abantu mur' abagororotsi, arikw imbere mwuzuye uburyarya n'ubugarariji.

—Matayo 23:28

# ABAKURIKIRA YESU VY'UKURI BARAMWUBAHA

43

Iki ni co kitumenyeshya ko tumuzi, ni twitondera ivyagezwe na we. —1 Yohana 2:3

Kandi nzobashiramwo Mpwe mu wanjye, ndabagendeshereze mu vyagezwe vyanjye, namwe muzokwitondera amabgirizwa yanjye, muyashitse.

—Ezekiyeli 36:27

Kand' amaze guhīngūrwa rwose, abera abamwumvira bose inyanduruko y'agakiza kashira. —Abaheburayo 5:9

Kandi mwacunguwe ngo ntumuganzwe n'icaha, mujakarira

ukugororoka. —Abaroma 6:18

Kuko tur' ibiremwa vyayo, twaremewe muri Kristo Yesu ngo dukore ibikorwa vyiza, ivyo Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo. —Abanyefeso 2:10

Umuntu wese avuga izina ry'Uhoraho aye mu kugabitanya.

—2 Timoteyo 2:19b

Maze Petero n' intumwa barabishura, bat' Igikwiye n'ukwumvira Imana kuyirutisha abantu.

—Ivyakozwe n'Intumwa 5:29

Isi ni yabanka, mumenye ko jewe yabanje kunyanka, itarabanka. Iyo muba ab' isi, isi iba ikunze icayo, maze kuko mutar' ab' isi, ariko nabatoranije mu b'isi, ni co gituma isi ibanka.

—Yohana 15:18, 19

Mw isi muri n' amarushwa, ariko ni muhūmure, jewe naranesheje isi. —Yohana 16:33b

Igihe kigiye kuza, ūzobīca wese azogira ngw agiriye Imana ikimazi. Kand' ivyo bazobikora kuko batamenye Data, nanje ntibāmmenye. —Yohana 16:2b, 3

Murābe urukundo uko runganana Data wa twese yatugiriye, ko

twitwa abana b'Imana; kandi ni ko turi. Ni co gituma ab' isi batatuzi, kuko batayimenye.

—1 Yohana 3:1

Kandi yuko dukwiye guca mu marushwa menshi mu kwinjira mu bgami bg'Imana.

—Ivyakozwe n'Intumwa 14:22b

Mber' abagomba bose kugenda bubaha Imana bari muri Kristo Yesu, bazohamwa.

—2 Timoteyo 3:12

Nabahaye ijambo ryawe; kand' ab' isi barabanka, kukw atar' ab' isi, nk'uko nanje ntar' uw' isi.

—Yohana 17:14

Muyikorere amaganya yanyu yose, kukw ibababara.

—1 Petero 5:7

Ntutinye, kuko ndi kumwe nawe; ntukihebure, kuko nd' Imana yawe: nzogukomeza, nzo-gutabara, mbere nzokuramira n'ukuboko kw'i buryo kw'uku-gororoka kwanje.

—Yesaya 41:10

N'iyo data na mama bonta, Uhoraho azonyitorera.

—Zaburi 27:10

Kukw azokuragiza abamara-yika biwe, ngo bakuzigame mu nzira zawe zose. —Zaburi 91:11

Ni co gituma tuvuga dushize ubgoba, tut' Uhoraho n'umutabazi wanje, sinzotinya: non' umuntu yoshobora kungira iki?

—Abaheburayo 13:6

Mbere naho noca mu mwonga w'igitutu c'urupfu sinzogira ikibi ntinya; kuk' uri kumwe nanje: inyoboza yawe n'ubuhiri bgawe ni vyo bimpumuriza.

—Zaburi 23:4

Nshobozwa vyose n'ũmpa inko-mezi. Kand' Imana yanje izobamara ubukene bganyu bgose, nk'ukw itunga ry'ubgiza ryayo riri ryo muri Kristo Yesu.

—Ab'I Filipi 4:13, 19

Nta cabagerageje kitar' ic' umuntu yoshobora kwihanganira: arikw Imana n'iyoy kwizigirwa ntizobakundira ko mugeragezwa n'ibiruta ivyoy mushobora, ariko hamwe n'ikibagerageza izobacira icanzo, kugira ngo mubone ingene mushobora kucihanganira.

—1 Ab'I Korinto 10:13

Nuko mugamburukire Imana, ariko murwanyey wa Murwanizi, na we azobahunga.

—Yakobo 4:7

Ariko tugendeye mu mucy, nk'uko na yo iri mu mucy, tuba dufatanije ubgacy, kand' amara-

so ya Yesu Umwana wayoy atwozacy icahacy cose. —1 Yohana 1:7

Nuko ni twēgēre intebe y'ubuntu dushize ubgoba, kugiracy ngo turonke ikigongwe, tubone ubuntu bgo kudutabara mu gihe gikwiye. —Abaheburacy 4:16

Nabitse ijambo ryawey mu mutima wanjey ngo noyey kugucumurako. —Zaburi 119:11

Kuk' Ūri muri mwebge arutacy ūri mu b'isi. —1 Yohana 4:4b

Abey ari ko namwe mwiyumviracy ko mwāpfuyey ku cahacy, ariko ko muriho mur' ab' Imana, muri muri Kristo Yesu.

—Abaroma 6:11



# ABASENGA VY'UKURI NIBO BAKURIKIRA IMANA

47

Wavuze, uti Ni murondere mu nyonga hanje; umutima wanje urakwishuye, uti Mu nyonga hawe ndaharondera, Uhoraho. Yemwe bantu, mwame muyizigira ibihe vyose: musuke ivyo mu mitima yanyu imbere yayo: Imana ni yo itubera ubuhungiro.

—Zaburi 27:8; 62:8

Mvura, Uhoraho we, nanje ndakira; kukw ari wewe shimwe ryanje.

—Yeremiya 17:14b

Musenge ubudasiba; mwame mukenguruka muri vyose, kukw ico ari co Imana ibagombako muri Kristo Yesu.

—1 Ab'I Tesalonike 5:17, 18

Ni mwaguma muri jewe, amajambo yanje akaguma muri mwebge, musabe ico mugomba cose, kizobabera kuno.

—Yohana 15:7

Iyaba nari nshize umutima wanje ku vyo kugabitanya Umwami Imana ntaba yaranyumviye. Uhoraho we, kubg' izina ryawe umparire ukugabitanya kwanje, kuko gukomeye.

—Zaburi 66:18; 25:11

Ariko muri vyose ivyo mugomba bimenyeshwe Imana, mu gusenga no mu kwinginga bifatanije no gukenguruka.

—Ab'I Filipi 4:6b

Kuk' Umwami wacu ubgiwe azoza, amanutse avuye mw ijuru, aranguruye ijwi rirenga, hamwe n' akāmo k'umumarayika mukuru, n'inzamba y'Imana. Maz' abapfiriye muri Kristo ni bo bazobanza kuzuka; maze natwe abazoba bakiriho, dusigaye, tuzoca duteruranwa na bo mu bicu, dusanganirire Umwami mu kirēre. Ni ho tuzokwama tubana n'Umwami.

—1 Ab'I Tesalonike 4:16, 17

Nuko namwe mwihangane, mureme mu mitima, kuk' ukuza kw'Umwami kuri hafi. Ntimwiodomberanire, bene Data, kugira ngo ntimucirwekw iteka:

eh' Umucamanza ahagaze ku rugi. —Yakobo 5:8, 9

Na none bana bato, mugume muri we, kugira ngo ni yahishurwa tuze dushire ubgoba, ntidutētererwe imbere yiwe ah' azozira. —1 Yohana 2:28

Nuko bakundwa, ko dufise ivyo vyasezeranywe, twiyuhagire ubuhumane bgose bg'umubiri n'ubg' umutima, kuba abera tugushikishe kwubaha Imana.

—2 Ab'I Korinto 7:1

Namwe mwame mwiteguye, kuk' Umwana w'umuntu azoza mu gihe mutiyumviriye.

—Luka 12:40

## NI MWUZURE MPWEMU W'IMANA

Muhindukire kubgo kwihankiriza kwanje: rāba, nzosuka impwemu yanje kuri mwebge, nzobamenyesha amajambo yanje. —Imigani 1:23

Ni mwihane, umuntu wese muri mwebge abatizwe mw izina ry'Yesu Kristo, mubone guharirwa ivyaha vyanyu, kandi muzohabga ingabire, ari yo Mpwemu Yera.

—Ivyakozwe n'Intumwa 2:38b

Kandi ntimukaborerwe vino, irimw' ubuhumbu; ariko mwuzure Mpwemu. Imana, Data w' twese, muyishimire vyose imisi yose, mw izina ry'Umwami wacu Yesu Kristo. Mugamburu-

kanire, kuko mwubashe Kristo.

—Abanyefeso 5:18, 20, 21

Kukw Imana ari yo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara.

—Ab'I Filipi 2:13

Mbega ntimuzi yuko mur' urusengerero rw'Imana, kandi ko Mpwemu w'Imana aba muri mwebge? Kuko mwaguzwe igiciro. Nuko rero, mushimishe Imana mu mibiri yanyu.

—1 Ab'I Korinto 3:16; 6:20

Bose buzuzwa Mpwemu Yera, bavuga ijambo ry' Imana bashize amanga.

—Ivyakozwe n'Intumwa 4:31b

Imirongo yose ya Bibiliya yanditswe mur'aka gatabo yakuwe muri Bibiliya Yera duhawe uruhusha n'Ishirahamwe rya Bibiliya yo mu Bwongereza “British and Foreign Bible Society, London.”

Aka gatabo gatangwa ko buntu — ntikagurishwa

[www.wmpress.org](http://www.wmpress.org)

7-22



Read booklets online or by App  
[www.wmp-readonline.org](http://www.wmp-readonline.org)

1594 Kirundi HKG